Рабочая программа учебного предмета
«Чеченский язык»

1. Планируемые результаты освоения учебного предмета «Чеченский язык»

1. Планируемые результаты освоения курса Чеченский язык на уровне основного общего образования предполагают, что у учащегося сформированы:

- совершенствование видов речевой деятельности (аудирования, чтения, говорения и письма), обеспечивающих эффективное взаимодействие с окружающими людьми в ситуациях формального и неформального межличностного и межкультурного общения;
- понимание определяющей роли языка в развитии интеллектуальных и творческих способностей личности в процессе образования и самообразования;
- использование коммуникативно-эстетических возможностей родного языка;
- расширение и систематизацию научных знаний о родном языке; осознание взаимосвязи его уровней и единиц; освоение базовых понятий лингвистики, основных единиц и грамматических категорий родного языка;
- формирование навыков проведения различных видов анализа слова (фонетического, морфемного, словообразовательного, лексического, морфологического), синтаксического анализа словосочетания и предложения, а также многоаспектного анализа текста;
- обогащение активного и потенциального словарного запаса, расширение объема используемых в речи грамматических средств для свободного выражения мыслей и чувств на родном языке адекватно ситуации и стилю общения;
- овладение основными стилистическими ресурсами лексики и фразеологии родного языка, основными нормами родного языка (орфоэпическими, лексическими, грамматическими, орфографическими, пунктуационными), нормами речевого этикета; приобретение опыта их использования в речевой практике при создании устных и письменных высказываний; стремление к речевому самосовершенствованию;
- формирование ответственности за языковую культуру как общечеловеческую ценность.

Дешаран предмет Іаморан жамІаш:

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхиначу дешархочуьнгахь нохчийн маттехула хила деза личностни жамІаш:

-нохчийн къоман культуран коьрта мехаллех санна, нохчийн маттах кхетам хилар, дешар тІехь а, кхетаман, кхолларалли хьуьнарш, дешархочун гІиллакх-оьздангаллица йоьзна амалш кхиорехь цо дІалоцучу меттигах кхеташ хилар;

-нохчийн мотт эстетически мехалла санна тІеэцар; цунах дозалла дар, цуьнан ларам бар; къоман культуран хилам и хиларе терра, нохчийн меттан башхалла а, цІаналла а ларъян езар; мотт бийцар шардаре а, говза, шера бийцаре а кхачар;

- къамел дечу хенахь шен ойланаш а, синхаамаш а паргІат бовзийта а, дешнийн барам а, караберзийна грамматически гІирсаш тоъъал хилар; ша дечу къамелана тидамбеш, ша-шена мах хадо хааран хьуьнар хилар;

- нохчийн мотт уьйран а, юкъаметиггалин гІирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар; нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гІуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, юкъараллехь ша дІалоцу йолу меттиг билгалъярехь а оьшуш хиларх кхеташ хилар;

-вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а юкъаметтигаш дІакхехьарехь нохчийн маттах пайда эца кийча хилар; къаьмнийн культурийн юкъаметтигаш дІакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;

- шен къоман а, РФ-цехь дехачу къаьмнийн а, дуьненаюкъара культура а йовзарехь нохчийн мотт мехала гІирс хиларх кхеташ хилар.

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхиначу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза метапредметни жамІаш:

1) къамелдаран массо а тайпа карадирзина хилар:

- барта а, йозанан а хаам цхьанатайпана тІеэца безаш хиларх кхетар;

-ешаран тайп-тайпана кепаш карайирзина хила езар;

-тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш схьалаха хааран хьуьнар хилар, ШХГІ а, дешарна лерина компакт-дискаш, Интернетан гІирсаш юкъа а лоцуш;

-билггалчу темина коьчал схьалаха а, цхьана кепе яло а хаар карадерзор; шенна хаам схьалаха а, иза къасто а, цунна анализ ян а хаар; хаамийн технологи а, технически гІирсаш юкъа а лоцуш, йоьшуш я ладугІуш бевзина хаам хийца а, ларбан а, дІабовзийта а хаар;

-хиндолучу дешаран декъан гІуллакхийн (цхьаммо ша а, вукхаьрца цхьаьна а) Іалашо билгалъян а, хьалха-тІаьхьа дийриг билгалдан а, барта а, йозанан а кепехь цхьанатайпанара жамІийн мах хадо хааран хьуьнар хилар;

-паргІатчу кепехь барта а, йозанехь а нийса шен ойланаш йовзийта хьуьнар хилар;

-шен нийсархошна хьалха доклад ян я цхьа хаамбан хаар;

2**) карадирзиначу хаарех, шардарех, карадерзорех дахарехь пайда эцар;**

- билгалбиначу барамехь яцйина (план, юхасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгІна я дІаешна текст юха схьайийца хаар;

- оьрсийн мотт Іаморехь нохчийн маттах пайда эца хаар;

- меттан башхаллех пайда эца хааар (нохчийн меттан, оьрсийн меттан, кхечу пачхьалкхийн меттанийн, литературан урокашкахь).

3) - тайп-тайпана юкъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар;

Юкъарадешаран юккъера школа чекхъяьккхиначу дешархочун нохчийн мотт караберзоран предметни жамІаш ду:

1) нохчийн мотт нохчийн къоман, Нохчийн республикин пачхьалкхан мотт, юкъаметтигаш дІакхехьаран гІирс санна бовзийтар; меттан а халкъан уьйр хила езар а; адаман дахарехь а, юкъараллехь матто дІалоцу меттиг йовзийтар;

2) личностан кхетаман а, кхолларалли а хьуьнарш кхиорехь, йоза-дешар карадерзорехь, ша-шен дешар лакхадаккхарехь матто дІалоцучу меттигах кхетар;

3) массо а тайпана къамелдаран кепаш карайирзина хилар:

ладогІар а, ешар а

-барта а, йозанан а кепара хаамах цхьатера кхетар (Іалашонех, текстан теманех, коьртачу а, тІебузучу а хаамех);

- тайп-тайпанчу жанрийн, хотІан тексташ ешаран тайп-тайпана кепаш карайирзина хилар (хьажаран, йовзаран, Іаморан);

-книгаца а, роггІана арахоьцучу тептаршца а болх баран кепаш а евзаш хилар, ешна текст (план, тезисаш) хаамийн кепара хийца хаар карадерзор;

-паргІат электронни а, справочни а литературех а, тайп-тайпанчу словарех а пайда эца хааран хьуьнар хилар;

-тайп-тайпанчу жанрийн, хотІан тексташ ладогІарца цхьанатайпана тІеэцар; ладогІаран массо а кеп карайирзина хилар (текстан коьртачу чулацамах кхеташ, хаамаш схьахаьржина белахь а);

-къамелан аларш дуста хаар церан чулацамца а, меттан гІирсех пайда эцарца а, матто кхочушдечу гІаллакхийн тайп-тайпаналлица а.

къамелдар а, йоза а:

-билгалбиначу яцъяран барамехь барта а, йозанан кепехь а ешна я ладоьгІна текст юхаметтахІотто хаар (юхасхьайийцар, план, тезисаш);

-текст кхолларан норманаш а ларъеш (кхеташ а, хьалха-тІаьхьа йогІуш а, йозаелла а, темица йогІуш а хилар) паргІат барта а, йозанан а кепехь шен ойланаш йовзийта хьуьнар хилар; хезначуьнга, гиначуьнга, ешначуьнга, хьайна гонаха долучу бакъдолучуьнга а, хиламашка болу хьежам цхьанатайпана хилийтар;

-дагалаьцнарг а, тІекаре яран хьал а тидаме а оьцуш, тайп-тайпанчу кепийн, хотІан барта а, йозанан а тексташ кхолла хаар;

-хьалха лаьттачу коммуникативни декхаршца йогІуш, кхетамца меттан гІирсаш харжарца тайп-тайпанчу жанрийн тексташ (дийцар, хетарг (отзыв), кехат (письмо), расписка, тоьшалла (доверенность), заявлени) кхолла хаар;

-цхьаммо дечу (монологан), шиммо дечу (диалоган) къамелан тайп-тайпана кепаш карайирзина хилар; шен нийсархошна хьалха боццачу хаамца я доклад ярца къамел дар;

-тIекаре ечу хенахь нохчийн литературан меттан коьрта орфоэпически, лексически, грамматически норманаш ларъяр; гIиллакхехь лексикех а, фразеологих а пайда эцар; йозанехь коьрта нийсаяздаран (орфографин) а, пунктуацин а бакъонаш ларъяр;

-къамелан оьздангалла а ларъеш, тIекаре ярехь дакъалаца хьуьнар хилар;

-шен къамелана ша-шена терго яр; хьалха хIоттийначу Iалашоне кхачар а, меттан исбаьхьаллин гIирсех пайда эцар а, цуьнан чулацам а тидаме а оьцуш, шен къамелан мах хадон хьуьнар хилар; грамматически а, къамелан а гIалаташ, кхачамбацарш карон а, уьш нисдан а хаар; шен тексташ кхачаме ялон а, редактировать ян а хаар;

5-г1а класс чекхйолуш дешархойн хила деза х1ара хаарш:

Берашна хаа деза дешнаш фонетически а, дешан х1оттам къастош морфологически а, шиъ коьрта меже йолу предложенеш синтаксически талла. 1амийнчу кепара йолу цхьалхе а, чолхе а предложенеш х1итто хаар. 1амийнчу материалца йог1уш йолу орфограммаш каро а, дешнийн нийсаяздар талла а хаар.

– нохчийн мотт уьйран а, юкъаметиггалин гIирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар;

– нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гIуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, юкъараллехь ша дIалоцу йолу меттиг билгалъярехь а оьшуш хиларх кхеташ хилар;
– вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а юкъаметтигаш дIакхехьарехь нохчийн маттах пайда эца кийча хилар;
– къаьмнийн культурийн юкъаметтигаш дIакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;
– шен къоман а, РФ-цехь дехачу къаьмнийн а, дуьненаюкъара культура а йовзарехь нохчийн мотт мехала гIирс хиларх кхеташ хилар.
– барта а, йозанан а хаамех цхьатера кхеташ хилар (Iалашонех, теманех, коьртачу а, тIебузучу а хаамех);
– тайп-тайпанчу хотIийн (стилан), жанрийн тексташ массо кепара ешар карадерзор;
– билгалбинчу барамехь яцйина (план, юхасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгIна я дIаешна текст юха схьайийца хаар;
– тайп-тайпана юкъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар.

6-г1а класс чекхйолуш дешархойн хила деза х1ара хаарш:

Дукха маь1наш долчу дешнийн маь1наш довзийта а, уьш къамелехь нийса лело а хаар. Дешан маь1на къасто хаар.

6-чу классехь 1амийна къамелан дакъош, церан грамматически билгалонаш йовзар а, къесто хаар а.

1-6-чу классашкахь 1амийнчу меттан материалца йог1уш орфограммаш каро а, цаьрца дешнаш нийсаяздан а, къесто а хаар.

Юьззина нийса ойланаш билгалъяхархьама, къамелехь ц1ердешнех, билгалдешнех, куцдешнех, церан синонимаш, антонимаш, омонимаш юкъа а ялош, пайдаэца хаар.

1амийнчу бакъонийн пунктограммаш предложенешкахь каро а, йовзийта а хаар.

Чолхе план х1оттор. Г1ишлош чоьхьара а, 1аламан а сурт гойтуш, дийцаран кепара йолу юьззина а, йоца а, хаьржина а йолу сочиненина оьшуш йолу материал гулъяр, цхьана кепе ялор. Г1ишлош, 1аламан суртх1отторан а буха т1ехь дийцар кхоллар. Шен

текст а, чулацам а, меттан говзалла а шаръеш, тоеш кхочушъяр (1амийнчу материалца йог1уш). Ша хаьржинчу темина сочинени язъяр.

7-г1а класс чекхйолуш дешархойн х1ара хаарш хила деза:

7-чу классехь 1амийна коьрта а, г1уллакхан а къамелан дакъош довзар, нийсакъесто хаар. Причастин, деепричастин карчамашца йолу а, 1амийнчу хуттургашца цхьанатайпанара йолу а, йоцу а предложенин меженаш а, чолхе предложенеш а синтаксически таллар. Причастин, деепричастин карчамашца предложенеш х1иттор.

1-7 чу классашкахь 1амийнчу материалца йог1уш йолу орфограммаш карор, дешнийн нийсаяздаран некъаш, бахьанаш билгалдаха хаар.

Причастин, деепричастин карчамаш запятойшца къастор.

Адаман куц-кеп, бедар (кечвалар), къинхьегаман г1уллакхаш дуьйцуш долу дийцарш яздар, билгалйинчу сюжетана дийцарш яздар; дешархоша шайн дахарехь зеделлачун а, шаьш кхочушбинчу юкъараллин-пайдечу белхан а г1оьнца сочинени язъяр.

8-г1а класс чекхйолуш дешархойн хила деза х1ара хаарш:

Дешнийн цхьаьнакхетарш, цхьалхе цхьанах1оттаман, шинах1оттаман предложенеш синтаксически таллар. Тайп-тайпанчу грамматически талларех пайдаэца хаар.

Шинах1оттаман а, цхьанах1оттаман а цхьалхе предложенеш х1иттор, цхьанатайпанарчу а, шакъаьстинчу а меженашций, юкъадалочу дешнашций, предложенешций, т1едерзаршций чолхеяьхна цхьалхе предложенеш х1иттор. Къамелан чулацамца а, стилаца а йог1уш йолчу синтаксически синонимех пайдаэцар. Литературни меттан норманаш ларъяр.

7-чу классехь 1амийна пунктограммаш карор, йозанехь сацаран хьаьркаш х1иттор къастоа, довзийта а хаар. Цхьанатайпанарчуй, шакъаьстинчуй меженашций, юкъадалочу дешнашций, предложенешций, т1едерзаршций, айдардешнашций йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш х1итор. Грамматикан хаттарийн талламан болх кхочушбан хаар. Х1оттам боцчохь подлежащиний, сказуеминий юккъе тире йиллар.

5-8-чу классашкахь 1амийна орфограммаш, пунктограммаш юкъайог1у предложенеш, дешнаш нийсаяздан а, довзийта а хаар. Орфограммаш талла ца лучу дешнийн нийсаяздар.

Текстан стиль къасто хаар. Меттиган а, памятникийн а сурт гойтуш йолу изложени язъян хаар.

Сочинени язъян хаар (масала: литературни турпалхойн г1иллакх-амал дустаран маь1нехь гайтар, меттиган, памятникан сурт гойтуш язъян хаар).

9-г1а класс чекхйолуш дешархойн х1ара хаарш хила деза:

Чолхе предложенеш талла хаар. Тайп-тайпанчу кепара чолхе предложенеш х1итто а, къамелан чулацаме а, стиле а хьаьжжина, синтаксически синонимех пайдаэца а хаар. Текстан стиль а, тайпа а къасто хаар.

Литературни меттан норманаш ларъян хаар.

8-9-чу классашкахь 1амийна пунктограммаш каро а, йозанехь сацаран хьаьркаш х1иттор къасто а, талла а, довзийта а хаар. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенин дакъошна а, коьртачуй, т1етухучуй предложенешна а юккъе запятой йилла а, хуттургаш йоцчу а, тайп-тайпанчу юкъаметтигийн а, маь1нийн а дакъойн лаьттачу чолхечу предложенешкахь а, ма-даррачу къамелехь а, диалогехь а, цитаташкахь а сацаран хьаьркаш х1итто хаар.

5-8-чу классашкахь 1амийнчу орфограммашца долу дешнаш нийса яздан а, уьш яздаран бакъонаш йовзийта а хаар.

Историко-литературни тема йолу доклад кечъян а, ян а хаар. Йоккха йоцчу литературно-критически статьян тезисаш я конспект х1отто хаар. Публицистически кепара сочинени язъяр.

Изложенин чулацам а, меттан говзалла а шаръеш, тоеш, нисъеш кхочушъян а, орфографически, пунктуационни, грамматически, стилистически г1алаташ каро а, нисдан а хаар.

2. БЕЛХАН ПРОГРАММИН ЧУЛАЦАМ

5 класс (70 сахьт)

Мотт адамийн уьйран уггаре а мехала г1ирс.(1сахьт)

КАРЛАДАККХАР (3 сахьт)

Шала мукъаза элпаш. Къамелан дакъош. Ц1ердешан терахь, класс, дожарш, легар. Юкъара а, долара а ц1ердешнаш. Билгалдош, дожарш, легарш.

СИНТАКСИС А, ПУНКТУАЦИ А (22 сахьт)

Синтаксисах кхетам балар. Дешнийн цхьаьнакхетарш. Дешнийн цхьаьнакхетарш т1еч1аг1дар. Предложени. Предложенийн тайпанаш. Дийцаран предложенеш. Хаттаран предложени а, айдаран предложенеш а. Предложенин чаккхенгахь сацаран хьаьркаш. Предложенин коьрта меженаш: подлежащи, сказуеми, нийса кхачам. Предложенин коьртаза меженаш: кхачам, къастам, латтам. Яржаза а, яьржина а предложенеш. Цхьанатайпанарчу меженех лаьцна кхетам балар. Предложенин цхьанатайпанара меженаш (а, амма, ткъа, бохучу хуттургашца а, хуттургаш йоцуш а). Цхьанатайпанарчу меженашкахь сацаран хьаьркаш х1иттор.

Цхьанатайпанарчу меженашна хьалха юкъара дешнаш. Юкъарчу дашна т1ехьа шит1адам биллар.

Т1едерзар, т1едерзарехь сацаран хьаьркаш х1иттор.

Хуттургашца йолу чолхе предложенеш (шайгахь подлежащи а, сказуеми а долуш, цхьалхечарах лаьттарш). Чолхечу предложенехь йолчу цхьалхечу предложенешна юккъехь*а* хуттургана а, *амма, ткъа* бохучу хуттургашна хьалха а запятой йиллар.

Авторан дешнел т1аьхьа а, царна хьалха а ма-дарра къамел. Ма-даррачу къамелехь сацаран хьаьркаш. Диалог. Диалоган репликашна хьалха йозанехь тире.

2. Шайн интонацига (эшаре) хьаьжжина, дийцаран а, хаттаран а, айдаран а предложенеш нийса еша хаар.

Предложенин коьрта меженаш.

Подлежащи. Сказуеми.Предложенин коьрта меженаш т1еч1агъяр.

Предложенин коьртаза меженаш.

Кхачам. Кхачам т1еч1аг1бар. Къастам. Къастам т1еч1аг1бар. Латтам. Коьртаза меженаш т1еч1аг1ъяр.

Яржазий, яьржиний предложенеш . Предложенийн цхьанатайпанара меженаш. Цхьанатайпанарчу меженашкахь юкъара дешнаш. Цхьанатайпанарчу меженашкахь хуттургаш. Предложенин цхьана тайпа-нара меженаш т1еч1аг1ъяр. Т1едерзар. Т1едерзарехь сацаран хьаьркаш. Цхьалхе а, чолхе а предложенеш. Чолхечу предложенешкахь хуттургаш. 1амийнарг карладаккхар, т1еч1аг1дар.

Ма-дарра къамел .

ФОНЕТИКА, ГРАФИКА, ОРФОГРАФИ (8 сахьт)

1. Йозанехь къамелан аьзнаш билгалдахар, нохчийн алфавит.

Къамелан аьзнаш: мукъанаш, мукъазнаш. Нохчийн меттан шатайпанара аьзнаш билгалдеш долу элпаш, церан нийсаяздар (г1, кх, къ, п1, т1, ц1, ч1, хь, х1, аь, оь, уь, юь, я).

Я, яь, ю, е, е элпийн маь1на а, церан яздар а. Й элпан нийсаяздар. Деха а, доца а мукъа аьзнаш (а, у, и), церан нийсаяздар.

2.Орфографически а, нохчийн-оьрсийн а, оьрсийн-нохчийн а словарах пайдаэца хаар.

ЛЕКСИКОЛОГИ (12 сахьт)

1. Лексиках юьхьанцара кхетам. Дешан лексически маь1на.Цхьана маь1нин а, дуккха а маь1нийн а дешнаш. Омонимаш (юкъара кхетам). Дешнийн нийса а, т1едеана а маь1наш а. Синонимаш. Антонимаш. Оьрсийн маттера нохчийн матте т1еэцна дешнаш.

Меттан дешнех лаьцна юкъара кхетам. Ширделла дешнаш (довзийтар). Фразеологизмех лаьцна кхетам балар.

2. Дешнаш, шайн маь1нашка хьаьжжина, нийса харжа а, ала а хаар. Орфографически а, гочдаран а словарех, фразеологически карчамех пайдаэца хаар.

МОРФОЛОГИ

Дошкхолладалар а, орфографи а 1. Дошкхолладаларх, орфографих кхетам балар. Дешнийн хийцадалар а, кхолладаларан некъаш а. Дешан чаккхе а, лард а.Гергара а, схьадовлаза а, схьадевлла а дешнаш. Орам, дешхьалхе, суффикс. Формакхолларан а, дошкхолларан а суффиксаш.

2. Х1оттаме хьаьжжина, дош талла хаар (дешан лард, орам, дешхьалхе, суффикс, чаккхе). Тайп-тайпана дешнаш кхолла хаар, дошкхолладаларан тайп-тайпанчу кепех пайдаэца хаар (дешхьалхенан а, суффиксан а г1оьнций, чолхечу дешнашкахь лардаш цхьанатохарций).

Чолхе-дацдина дешнаш нийса ала хаар.

Къамелан дакъойх лаьцна юкъара кхетам балар.

Ц1ЕРДОШ (16 сахьт)

1. Ц1ердош а, цуьнан юкъара маь1на а, морфологически билгалонаш а. Ц1ердешан синтаксически г1уллакх. Предложенехь цунах подлежащи,кхачам, латтам, т1едерзар хилар. Адамех а, кхечу х1уманех а лаьцна долу ц1ердешнаш, церан хаттарш: мила? муьлш? х1ун?

Юкъара а, долахь а ц1ердешнаш. Географически ц1ершкахь урамийн, майданийн, исторически хиламийн, дезачу денойн ц1ершкахь доккха элп яздар. Книгийн, газетийн, журналийн, кинофильмийн, спектаклийн, литературни, музыкальни произведенийн ц1ершкахь доккха элп яздар, кавычкаш х1иттор.Ц1ердешан терахь. Дукхаллин терахьан чаккхенаш: ш, аш, наш, маш, ош, еш, арш, й, ий, рчий.

Ц1ердешнийн грамматически классаш, цаьрца уьйр йолчу дешнашкахь церан классан гайтанаш (1 кл. ву-бу; 2 кл. ю-бу; 3 кл. ю-ю; 4 кл. ду-ду; 5 кл.бу-бу; 6 кл. бу-ду). Цу классех лаьцна бакъонца кхетам балар. Юкъара класс йовзийтар (*лор ву, лор ю*).

Ц1ердешнийн дожарш а, дожаршца хийцадалар а (легар).

Ц1ердешнийн дожарийн чаккхенаш нийсаязъяр а. Ц1ердешнийн кхолладаларан некъаш: 1) дешхьалхенца, 2) суффиксаца, 3) дешхьалхенан а, суффиксан а г1оьнца, 4) дешнийн лардаш цхьаьнакхетарца.

Цхьана дешдекъах лаьттачу ц1ердешнийн ораман мукъа аьзнаш хийцадалар а, церан алар а, нийсаяздар а(легарехь а, терахьехь а).

Дацаран дакъалг *ца* ц1ердашца нийсаяздар.

Ц1ердешнийн суффиксаш (формакхолларан а, дошкхолларан а).

Ц1ердош морфологически таллар.

Ц1ердош карладаккхар.

2. Къамелехь ц1ердешнех-синонимех, омонимех, антонимех пайдаэца хаар, уьш маь1нашка хьаьжжина нийса харжа а, ала а хаар *(шовда, хьоста, говр, дин, гила; де-буьйса, 1уьйре-суьйре; ча(ю), ча(ду); мохь (ю), мохь (бу)*.Ц1ердешан доланиг дожаран чаккхенгахь долу мукъа аз манкха (мерах) нийса ала 1амор.

Дозуш долу къамел кхиор (5 сахьт)

Талламан белхаш(6. сахьт)

Къамел кхиор. Текстах а, цуьнан дакъойх а лаьцна кхетам: текстан дакъойн уьйран лексически г1ирсаш, цхьалхе план. Кегий а, шуьйра а теманаш, текстан коьрта ойла:

къамелан стилех лаьцна кхетам, къамелан хабаран а, исбаьхьаллин а стилех лаьцна юьхьанцара хаамаш; дийцарх а, яздарх а лаьцна: дийцаран кепара йолчу текстан а жима а, юьззина а изложени язъяр суртх1отторан элементашца, цхьаццайолчу х1уманийн а, дийнатийн а хьокъехь сочиненеш - суртх1отторан дийцарш; дахарехь хиллачух лаьцна сочинени-дийцар (суьрташца а, юкъараллин-пайдечу къинхьегамехь дакъалацарца а доьзна). Доттаг1аллин а, къахьегаран а теманашна сочиненеш язъяр.

6-г1а класс (70 сахьт)

Карладаккхар (2 сахьт):

1)нохчийн маттах лаьцна дош;2) къамелан дакъойх лаьцна юкъара кхетам.

Текст (3 сахьт)

Билгалдош (13сахьт)

1.Билгалдош а, цуьнан маь1на а, морфологически билгалонаш а (юкъара кхетам).

Мухаллин а, юкъаметтигаллин а, доладерзоран а билгалдешнаш. Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш:

1) лаамазчу билгалдашах, маь1не хьаьжжина, подлежащи я кхачам, я т1едерзар хилар.

Цхьадолу билгалдешнийн терахь а, классан гайтам а. Мухаллин билгалдешнийн даржаш, церан кхолладалар, суффиксаш. Т1ехдаларан дарж кхуллуш долу дешнаш:*сов, т1ех, вуно, 1аламат, инзаре, уггаре а (дика-дикаха-т1ех дика).*

Билгалдешнийн легарш, дожарийн чаккхенаш нийсаязъяр. Билгалдешнийн кхолладалар, церан суффиксаш (формакхолларан а, дошкхолларан а).

Т1еэцна билгалдешнаш, церан легар.

Т1еэцначу билгалдешнийн суффиксаш а, церан нийсаязъяр а. Билгалдош морфологически таллар. Билгалдош карладаккхар.

2.Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш дожаршца нийса хийца хаар. Къамелехь билгалдешнех-синонимех нийса пайдаэца хаар (*маса, чехка, сиха, каде, т1ах-аьлла, х1айт-аьлла; г1иллакхе, к1еда-мерза; товш, безамехь*).

Лаамечу билгалдешан доланиг дожаран чаккхенгахь а, цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешан чаккхенгахь а мукъа аз манкха (мерах) нийса ала хаар.

Терахьдош (14сахьт)

1.Терахьдош а, цуьнан маь1на а, морфологически билгалонаш а.

Терахьдешнийн тайпанаш: 1) лаамаза а, 2) лааме а; 1) масаллин (маса?), 2) декъаран (мас-маса?), 3) гулдаран (маса?), 4) билгалза-масаллин (маса? мел?), 5) рог1аллин (масалг1а?).

Масаллин терахьдешнийн легар.

Цхьалхе а, чолхе а, х1оттаман а терахьдешнаш, церан легар.

Рог1аллин терахьдешнаш, церан кхолладалар, суффиксаш. Лаамазчу рог1аллин терахьдашах къастам хилар, лаамечух, маь1не хьаьжжина, подлежащи я кхачам хилар.

Рог1аллин терахьдешнийн легар. Лаамаза рог1аллин терахьдешнаш лаамаза мухаллин билгалдешнаш санна дожаршца хийцадалар.

Терахьдешнийн кхолладалар (масалличарах декъаран а, гулдаран а, билгалза-масаллин а, рог1аллин а терахьдешнаш хилар).

Терахьдешнийн нийсаяздар.

Терахьдош морфологически таллар.

Терахьдош карладаккхар.

2.Чолхе-декъаран а, билгалза-масаллин а терахьдешнаш ц1ердешнашца цхьаьна нийса ала хаар; лаамечу масаллин а, рог1аллин а терахьдешнийн дожарийн чаккхенаш нийса ала хаар.

Лаамечу терахьдешан доланиг дожаран чаккхенгара мукъа аз манкха (мерах) нийса ала хаар.

Ц1ерметдош (14 сахьт)

1. Ц1ерметдош а, цуьнан грамматически билгалонаш а.

Ц1ерметдешнийн тайпанаш довзийтар: 1) яххьийн, 2) дерзоран, 3) доладерзоран, 4) дерзоран-доладерзоран, 5) гайтаран, 6) къастаман, 7) къастамза, 8) хаттаран, 9) юкъаметтигаллин.

Яххьийн а, дерзоран а ц1ерметдешнийн яххьаш а, церан легар а. *Тхо, вай* бохучу дуккхаллин терахьан 1-чу юьхьан шина ц1ерметдашна юккъера башхо йовзийтар.

Доладерзоран а, дерзоран-доладерзоран а ц1ерметдешнийн яххьаш а, церан легар а.

Гайтаран а, къастаман а, къастамзачу а ц1ерметдешнийн легар а.

Хаттаран а, юкъаметтигаллин а ц1ерметдешнийн легар, царна юккъера башхо йовзар, уьш вовшашца дуста а, предложенешкахь къасто а хаар.

Ц1ерметдешнийн нийсаяздар.

Ц1ерметдош морфологически таллар. Ц1ерметдешан синтаксически билгалонаш: 1) яххьийн а, дерзоран а ц1ерметдешнех предложенехь маь1не хьаьжжина подлежащи я кхачам хилар; 2) лаамазчу гайтаран а, къастаман а, доладерзоран а ц1ерметдешнех къастам хилар.

Ц1ерметдош карладаккхар.

2.Къамелехь тайп-тайпанчу ц1ерметдешнех а, церан яххьех а, дожарийн чаккхенех а нийса пайдаэца хаар. Предложенешкахь хаттаран а, юкъаметтигаллин а ц1ерметдешнаш вовшех къасто хаар, церан башхалла йовзар. Ц1ерметдешнаш хуттурган (юкъаметтигаллин) дешнаш хилла лелар хаар.

Хандош (13 сахьт)

1.Хандош, цуьнан грамматически билгалонаш (морфологически а, синтаксически а).

Хандешан билгалза кеп, цуьнан суффиксаш (-а, -о, -ан, -ен, -он). Хандешан билгалзачу кепан нийсаязъяр.

Хандешан хенаш:

Карара хан а, цуьнан чаккхенаш нийсаязъяр а.

Яхана хан. Яханчу хенан кепех юкъара кхетам балар. Яханчу хенан чаккхенаш нийсаязъяр (и, ий, ира, ийра, ина, ийна, на, инера, ийнера,ура, ара, ора).Йог1у хан: 1) хила мега хан, 2) хин йолу хан. Йог1учу хенан нийсаязъяр.

Хандешан цхьаллин а, дукхазаллин а кепаш.

Цхьадолчу хандешнийн терахь а, классаш а.

2.Бартан а, йозанан а къамелехь хандашах нийса пайдаэца хаар. Хандешнийн чаккхенаш нийса ала а, нийса язъян а хаар.

Карладаккхар (1сасхьт)

Талламан болх (5 сахьт)

Къамел кхиор (5 сахьт)

Текстах, цуьнан дакъойх, къамелан стилех, темех, цуьнан коьртачу ойланех, дийцарх, суртх1отторан дийцарх, кхеташоне дийцарх лаьцна 1амийнарг карладаккхар. Сочиненина материал гулъяр. Сочинени язъярна оьшу материал цхьана кепе ерзор, чолхе план х1оттор.

Шайна гина х1усам муьлхачу хьолехь ю а, 1аламан сурт а х1оттош, яцйина а, хаьржина а изложенеш язъяр.

Х1усам а,1аламан сурт а гойтуш йолу сочинени язъяр.

Сочинени-дийцар яздар (обрамленица а, обрамлени йоцуш а), дуьйцуш хезначун а, бинчу тидаман а, суртх1отторан буха т1ехь а (цу юкъахь дайн-нанойн а, бевзаш болчеран а къинхьегаман хьуьнарех лаьцна а, цуьнга терра кхидолчух лаьцна а).

7-г1а класс (70 сахьт)

Ненан маттах лаьцна дош (1 сахьт).

5-6-чу классашкахь 1амийнарг карладаккхар (5 сахьт): билгалдош, ц1ерметдош, хандош, церан билгалонаш.

Хандош а, цуьнан кепаш а (14 сахьт)

1.Хандош 1амор (14 сахьт).

6-чу классехь хандашах 1амийнарг карладаккхар.Хандешан саттамаш. Билгала саттам. Бехкаман а, лааран а саттамаш. Т1едожоран саттам. Хандешан спряженеш. Хандешан билгалзачу кепан ораман мукъа аьзнаш карарчу хенан орамехь хийцадалар, церан нийсаяздар.Хандешнийн кхолладалар.Деакепара хандешнаш, шайца долу подлежащеш ц1ерниг, дийриг, лург, меттигниг дожаршка х1уьттурш. Дацаран дакъалгаш ца, ма хандешнашца нийсаяздар.

Причасти (7 сахьт)

Причасти а, цуьнан грамматически билгалонаш а.Причастин хенаш, церан суффиксаш нийсаязъяр. Лаамаза а, лааме а причастеш.Причастин карчам, цуьнан синтаксически г1уллакх, цуьнца сацаран хьаьркаш.Причастин легар, дожарийн чаккхенаш нийсаязъяр.

Причастин кхоллаялар.

Деепричасти (5 сахьт)

Деепричасти а, цуьнан грамматически билгалонаш а. Деепричастин хенаш, церан нийсаязъяр. Деепричастин карчам а,цуьнан синтаксически г1уллакх а, цуьнан сацаран хьаьркаш а.

Масдар (6 сахьт)

Масдар а, цуьнан грамматически билгалонаш а. Масдаран терахь а, классаш а, кепаш а. Масдаран легар, дожарийн чаккхенаш.Масдарца дацаран дакъалг ца нийсаяздар. Масдаран а, цуьнан карчамийн а синтаксически г1уллакх.

Куцдош (8 сахьт)

1. Куцдош а, цуьнан грамматически билгалонаш а (морфологически а, синтаксически а). Куцдешнийн тайпанаш, церан хаттарш, маь1наш .

Куцдешнийн коьрта тайпанаш: 1) хенан, 2) меттиган, 3) бахьанин, 4) 1алашонан, 5) мухаллин (я даран суьртан), 6) масаллин, 7) бараман.Куцдешнийн цу коьртачу тайпанел сов, х1ара тайпанаш а довзийтар: 1) хаттаран куцдешнаш: *маца? мацале? маццалц? х1унда? мича? мосазза? муха?* 2) юкъаметтигаллин куцдешнаш: изза куцдешнаш, хаттаран маь1на хийцалуш, чолхечу предложенин шина декъан юкъаметтиг гойтуш хилахь: *маца, мацале, маццалц, х1унда, мича, мичара, мосазза, муха.*

Куцдешан синтаксически билгалонаш (куцдешнех предложенехь тайп-тайпана латтамаш хилар: хенан куцдашах хенан латтам, меттиган куцдашах меттиган латтам, бахьанин куцдашах бахьанин латтам, 1алашонан куцдашах 1алашонан латтам, даран суьртан куцдашах даран суьртан латтам).

Куцдешнийн даржаш: 1)юьхьанцара, 2) дустаран, 3) т1ехдаларан.

Куцдешнийн кхолладалар (ц1ердашах, билгалдашах, терахьдашах, ц1ерметдашах, куцдашах).Куцдешнийн нийсаяздар.Куцдош морфологически таллар.Куцдош карладаккхар.

2. Къамелехь куцдешнийн синонимех, антонимех пайдаэца хаар. Куцдешнашца предложенеш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а х1итто хаар. Чолхечу предложенехь юкъаметтигаллин куцдашах пайдаэца хаар.

Г1уллакхан къамелан дакъош (7сахьт)

Дешт1аьхье

1. Дешт1аьхье а, цуьнан тайпанаш а: 1) меттиган: *класса чохь;* 2) хенан: *хьол хьалха, совт1аьхьа;* 3) даран суьртан: *куьйгаш т1ехь лелаво*; 4) 1алашонан: *халкъан дуьхьа, дайн-нанойн хьомара*; 5) юкъаметтигаллин (хенан а, меттиган а): *делкъехь дуьйна, корера дуьйна.*

Дешт1аьхьенийн нийсаязъяр.

Дешт1аьхье лург дожаран яцйинчу а, юьззинчу а кепашца лела тарлуш хилар: 1) дитташ т1ехь (лург дожаран яцйинчу кепаца), 2) дитташна т1ехь (лург дожаран юьззинчу кепаца).

2. Барта къамелехь а, йозанехь а дешт1аьхьенех нийса пайдаэца хаар. Дешт1аьхье хьакъ долчу дожарца нийса ала хаар.

Хуттургаш

1. Хуттург, цуьнан тайпанаш: 1) цхьаьнакхетаран*: а-а,я, амма, ткъа, делахь а, бакъду, цхьабакъду, х1етте а, аьлча а* (дозаран а, къасторан а, дуьхьалара а, довзийтаран а); карара; 1) бахьанин: *х1унда аьлча*; 2) бехкаман: *нагахь, нагахь санна*; 3) дустаран: *санна*; 4) кхеторан: *аьлла, бохуш.*

2. цхьанатайпанарчу меженашкахь а, чолхечу предложенехь а хуттургех, церан синонимех нийса пайдаэца хаар.

Дакъалгаш

1. Дакъалгаш а, церан маь1на а.

Дакъалгийн тайпанаш: 1) бакъдаран (*х1аъ, те*); 2) дацаран (*х1ан-х1а, ца, ма, -ц, -за*); 3) ч1аг1даран (*-м, -х,-кх, -ма, -хьаха, -дера, -ур-аттал*ла); 4) хаттаран (*те, техьа, теша,ткъа*); 5) дозатохаран (*бен, деккъа*).

2. Тайп-тайпанчу дакъалгашца йолу предложенеш, церан маь1нийн башхаллашка хьаьжжина, нийса еша хаар.

Айдардош (2 сахьт)

1. Айдардешан маь1на.

Айдардешнийн тайпанаш: 1) синхаамийн (*эх1,эхх1ай, эх1е-х1ай, 1алелай, ойн,маржа-я1*); 2) хьадаран я кхайкхаран (*же, но, хьайц, киш, тигри-тигри, тикаш-тикаш,х1ан, х1ах1анц*); 3) азтардаран (*гап, дап, дап-дип, гап-гип, т1ох-т1их, ж1ашт, д1овв, говв, б1овв).*

Айдардешнийн нийсаяздар.

1. А йдардешнашца йолу предложенеш къастош, кхетош, нийса еша хаар.

Карладаккхар (5сахьт)

Талламан болх (5 сахьт)

Дозуш долу къамел кхиор (5 сахьт)

Текстах, цуьнан дакъойх, къамелан стилех, тайпанех лаьцна 1амийнарг карладаккхар.

Къамелан публицистически (юкъараллин-политически) стилех юкъара кхетам балар.

Адаман куц-кеп, бедар, къинхьегаман г1уллакхаш гойтуш йолу дийцаран текстийн юьззина а, яцйина а, хаьржина а изложенеш язъяр.

Адаман куц-кеп, бедар, къинхьегаман г1уллакхаш гойтуш йолу сочиненеш язъяр (суьртийн а, бинчу тидамийн а г1оьнца). Масала: "Сан накъосташ" (я доттаг1чун) куц-кеп а, кечвалар а", "Г1уллакх говзанчех кхоьру", "Керла ц1а муха дира" и. д1. кх. а.

Литературни турпалхочун г1иллакх-амал язъяр.

Дешархошна дахарехь зеделлачун буха т1ехь къовсамечу кепара йолчу теманашна а, хьаналчу къинхьегаман маь1на долчу тайпанара а сочиненеш язъяр (ешначу книгех а, юкъараллин-пайдечу къинхьегамах а лаьцна). Масала: "Бакъволу доттаг1а мила лара мегар ду", "Диканаш иштта хуьлу" (я "Оьздачара иштта г1уллакх до"), "Тешамал сийлахь а, йохьал деза а, г1иллакх-оьздангаллел товш а х1ума дац", "Мехкан а, халкъан а сий лардар сийлахь ду", "Хьаналчу къинхьегамо адаман сий лакхадоккху", "Белхалочун говзалла а, цуьнан къинхьегаман сий а деза х1унда лору", "Нохчийчоьнан парг1атонехьа къийсинчу турпалхочун васт" и. д1. кх. а.

Билгалйинчу сюжетан буха т1ехь а, бинчу тидамийн суьртийн г1оьнца а, дийцаран хьесапехь сочинени язъяр. Масала, кху кепара теманашна: "Юьртбахаман балхахь дешархой", "Хаза экскурси", "Отличник хьанах ала мегар ду", "Сан дахарехь диц ца луш хилларг", "Халкъа юкъахь доттаг1алла сийлахь х1унда лору", и. д1. кх. а. Патриотически а, интернациональни а чулацам болу сочиненеш язъяр.

8-г1а класс (70 сахьт)

Нохчийн мотт халкъийн вежараллин меттанех цхьаъ бу (1 сахьт).

Карладаккхар (1 сахьт)

Дешан чаккхенга н яздар.

3. Орфографи, цуьнан дакъош. (1сахьт)

Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а (4 сахьт)

1. Дешнийн цхьаьнакхетар. Дешнийн цхьанакхетаран д1ах1оттам а, маь1на а. Дешнийн цхьаьнакхетарний, предложениний юккъера башхо. Коьрта а, дозуш долу а дешнаш. Предложени, цуьнан тайпанаш. Логически (маь1нин) тохар .

Предложенехь дешнийн уьйр. Цхьаьнакхетаран а, карара а уьйраш. Бартбар, урхалла, т1етовжар .

2. Дешнийн цхьанакхетар а, предложени а нийса х1отто хаар.

Предложенин коьрта меженаш (5 сахьт)

1. Подлежащи, сказуеми, нийса кхачам. Грамматически а, маь1нин а подлежащеш. Коьрта меженаш юкъаялоре хьаьжжина цхьалхечу предложенин кепаш кхоллаялар (шинах1оттаман а, кхаах1оттаман а, цхьанах1оттаман а). Подлежащин хилар. Хандешан цхьалхе сказуеми. Ц1еран х1оттаман сказуеми. Подлежащиний, сказуеминий юккъехь тире. Хандешан х1оттаман сказуеми. Ийна х1оттаман сказуеми.

2. Сказуемин синонимех пайдаэца хаар.

Коьрта меженаш юкъаялоре хьаьжжина, цхьалхечу предложенин кепаш кхоллаялар (шинах1оттаман а, цхьанах1оттаман а).

Предложенин коьртаза меженаш (16 сахьт)

1. Кхачамаш, церан хилар. Къастамаш, церан хилар. Юххедиллар, цуьнгахь сацаран хьаьркаш. Латтамаш (хенан, меттиган, бахьанин, 1алашонан, даран суьртан, бараман, бехкаман, дуьхьалара), церан хилар. Латтамех 1амийнарг карладаккхар.

Кхачам. Лач кхачам. Къастам (берта а,бертаза а). Юххедиллар. Латтамаш. Даран суьртан латтам. Бараман латтам. Хенан латтам. Бахьанин латтам. 1алашонан латтам. Бехкаман а,дуьхьалара а латтамаш. Латтамах 1амийнарг т1еч1аг1дар.

Цхьалхечу предложенийн кепаш (7 сахьт)

Цхьанах1оттаман а, шинах1оттаман а,кхаах1оттаман а предложенеш. Юьхьан а,билгала-юьхьан а предложенеш. Билгалза-юьхьан предложенеш. Юкъара-юьхьан предложенеш. Юьхьаза предложенеш. Ц1еран предложенеш. Юьззина а,юьззина йоцу а предложенеш.

Предложенин цхьанатайпанара меженаш (5 сахьт)

1. Предложенин цхьанатайпанарчу меженах лаьцна юкъара кхетам. Предложенин цхьанатайпанарчу меженашкахь дозаран а, къасторан а, дуьхьалара а, довзийтаран а хуттургаш: *а-а, амма, ткъа, делахь а, бакъду, цхьабакъду, х1етте а, аьлча а*. Цхьанатайпанара а,цхьанатайпанара боцу а къастамаш. Цхьанатайпанарчу меженашца юкъара дешнаш, юкъарчу дешнашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш х1иттор. Цхьанатайпанарчу а,цхьанатайпанара боцчу а къастамашкахь сацаран хьаьркаш.

Предложеница грамматически уьйр йоцу дешнаш (6 сахьт)

1.Т1едерзар, даьржина т1едерзар. Т1едерзар а, подлежащи а вовшашца дустар, башхалла къастор. Уьш муьлхачу къамелан дакъойх хуьлу довзийтар. Т1едерзарехь сацаран хьаьркаш.

Юкъадало дешнаш, уьш шина а аг1ор запятойшца къастор.

Юкъаяло предложенеш а, сацаран хьаьркаш х1иттор а.

Х1аъ, х1ан-х1а боху дешнаш-предложенеш, цаьргахь сацаран хьаьркаш.

Айдардешнаш-предложенеш, царгахь сацаран хьаьркаш.

Предложенин шакъаьстина меженаш(4 сахьт)

Предложенин шакъаьстинчу меженах лаьцна юкъара кхетам. Шакъаьстина латтамаш. Шакъаьстина юххедиллар. Хенан а, меттиган а латтамийн дурсаш.

Ма-дарра къамел – (6 сахьт)

1амийнарг карладаккхар (4сахьт)

Талламан болх (6сахьт)

Дозуш долу къамел кхиор (4 сахьт)

Текстах, къамелан стилех, тайпанех лаьцна болу хаамаш гулбар, юкъара маь1на дар. Къамелан публицистически а, исбаьхьаллин а стилех лаьцна кхетам к1аргбар. Меттигах, архитектуран, историн, культуран памятникех лаьцна дийцар юкъа а далош, публицистически сочинени язъяр. Г1иллакх- амалийн, оьздангаллин теманашна (масала: берийн доттаг1аллех, къинхьегамах, винчу махках лаьцна) изложенеш язъяр. Цара доккха г1о дийр ду иманехь а, патриотически а, интернациональни а, хьанал къинхьегам безаш а йолчу ойланца бераш кхио. Публицистически кепара сочинени язъяр. Белхалочун говзалле а, юьртбахама къинхьегамхойн атта боччу беркатечу балхе а дешархойн безам кхио таро лучу тематиках пайдаэца беза къамел кхиоран балха т1ехь. Адамийн тоьллачу амалех, оьздангаллех лаьцна а 1амочу литературни произведенин кхетош-кхиоран а, исбаьхьаллин а маь1нех лаьцна а сочинени язъяр (масала: "Дика к1ант иштта хуьлу", "Доттаг1алла сийлахь-боккха ницкъ бу", "Сан хьалхара толам", "Хьанал къинхьегам адаман шолг1а нана ю").

Дийцаран кепара патриотически, интернациональни, исламан чулацам болу сочиненеш язъяр (масала: "Уьш лийтира Даймахкехьа", "Оьздачу нехан сийлахь г1уллакхаш" и.д1.кх.а).

Литературни турпалхойн дустаран характеристика (г1иллакх-амал).

9-г1а класс (70 сахьт)

8-чу классехь 1амийнарг карладаккхар. (5 сахьт).

Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш.

Цхьалхечу предложенийн кепаш. Цхьанатайпара меженаш.Дешархошка шайга болх байтар.

Чолхечу предложенех юкъара кхетам. (1 сахьт)

Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш (3 сахьт).

1. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложених лаьцна юкъара кхетам.

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь дозаран а, къасторан а, дуьхьалара а хуттургаш: а-а, амма, ткъа, делахь а, бакъду цхьабакъду х1етте а; чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь сацаран хьаьркаш х1иттор.

2. Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш х1итто а, нийса еша а, цаьргахь цхьаьнакхетаран хуттургех пайдаэца хаар.

Чолхе-карара предложенеш (24 сахьт)

Чолхе-карарчу предложених, цуьнан билгалонех лаьцна кхетам балар. Коьрта а, т1етуху а предложенеш. Чолхе-карарчу предложенехь коьртачу а, т1етухучу а предложенийн уьйран г1ирс: карара хуттургаш, хуттурган дешнаш. Карара хуттургаш: *х1унда аьлча, нагахь, нагахь санна, бохуш, аьлла*. Кхеторан хуттургийн маь1наш къестор, довзийтар. Хуттурган дешнаш: 1) юкъаметтигаллин куцдешнаш: *маца, мацале, маццалц, х1унда, муха, мича, мичара, мосазза* и.д1.кх.а. Чолхе-карарчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш. Т1етухучу предложенин грамматически билгалонаш.

Чолхе карарчу предложенех лаьцна юкъара кхетам. Чолхе карачу предложенехь т1етухучун меттиг . Т1етухучу предложенийн кепаш . Кхачаман т1етуху предложенеш. Къастаман т1етуху предложенеш . Хенан т1етуху предложенеш. Даран суьртан т1етуху предложенеш. Бахьанин т1етуху предложенеш .1алашонан т1етуху предложенеш. Бехкаман т1етуху предложенеш .

2. Чолхе-карара предложенеш х1итто а, цаьргахь карарчу хуттургех, хуттурган дешнех пайдаэца а хаар.

Хуттургаш йоцу предложенеш (6 сахьт)

1. Хуттургаш йоччу чолхечу предложених кхетам балар. Хуттургаш йоччу чолхечу предложенешкахь запятой а, запятойца т1адам а.Церан дакъойн маь1нин юкъаметтигаш къасто хаар: ца хилча ца торуш йолу ч1ог1а уьйр хилар, вовшашца к1езиг уьйр хилар, ша-ша къастийча, кхачаме долуш маь1на хилар.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь шит1адам х1оттор. Цуьнан дакъойн вовшашца йолу уьйр а, маь1наш а къасто хаар.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь тире йиллар. Цуьнан дакъойн вовшашца йолу юкъаметтиг а, маь1наш а къасто хаар.

2.Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенийн дакъойн тайп-тайпана маь1нийн юкъаметтигаш эшарца къасто а, уьш нийсаязъян а хаар.

Маттах лаьцна юкъара хаамаш (6 сахьт)

Юкъараллин дахарехь меттан маь1на а, цуьнан коьрта билгалонаш а. Меттан 1илманан дакъош а, цуьнан маь1на а. Нохчийн литературни мотт а, диалекташ а. Литературни меттан стилаш. Литературни меттан норманаш. Литературни меттан норманаш нийса ларъян хаар.

1амийнарг карладаккхар (6 сахьт)

1. Лексикех, фонетикех, грамматикех, нийсаяздарх лаьцна 1амийнарг шардар.
2. Чолхе-цхьаьнакхетта а, чолхе-карара а предложенеш.

Талламан болх (5 сахьт)

Тест (3 сахьт)

Дозуш долу къамел кхиор (5 сахьт)

Текстах, теманах, цуьнан коьртачу ойланех лаьцна болу хаамаш бовзар; текстан дакъойн вовшашца йолу уьйр йовзар; дийцарх, къамелан стилех лаьцна болу хаамаш к1аргбар. Юкъараллин-политически а, г1иллакх-амалийн а, историко-литературни а теманашна публицистически кепара сочиненеш язъяр, иштта изложенеш язъяр.

ПКЭ-н кечам бар (6 сахьт)

3. Дешаран темин хьесап

5 класс (70 сахьт)

№	Хьеха билгалдинарг	Сахьт
1	Вайн мотт-вайн хазна	1
2	Карладаккхар	2
3	Синтаксис а, пунктуаци а	20
4	Фонетика, графика, орфографи	8
5	Лексика	12
6	Ц1ердош	16
7	Дозуш долу къамел кхиор	5
8	Талламан белхаш	6

6-г1а класс (70 сахьт)

№	Хьеха билгалдинарг	Сахьт
1	Карладаккхар	2
2	Текст	3
3	Билгалдош	13
4	Терахьдош	14
5	Ц1ерметдош	14
6	Хандош	13
7	Карладаккхар	1
8	Талламан болх	5
9	Къамел кхиор	5

7-г1а класс (70 сахьт)

№	Хьеха билгалдинарг	Сахьт
1	Ненан маттах лаьцна дош	1
2	5-6-чу классашкахь 1амийнарг карладаккхар	5
3	Хандош а, цуьнан кепаш а	14
4	Причасти	7
5	Деепричасти	5
6	Масдар	6
7	Куцдош	8
8	Г1уллакхан къамелан дакъош	7

9	Айдардош	2
10	Карладаккхар	5
11	Дозуш долу къамел кхиор	5
12	Талламан болх	5

8-г1а класс (70 сахьт)

№	Хьеха билгалдинарг	Сахьт
1	Нохчийн мотт халкъийн вежараллин меттанех цхьаъ бу	1
2	Карладаккхар	1
3	3. Орфографи, цуьнан дакъош.	1
4	Дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а	4
5	Предложенин коьрта меженаш	5
6	Предложенин коьртаза меженаш	16
7	Цхьалхечу предложенийн кепаш	7
8	Предложенин цхьанатайпанара меженаш	5
9	Предложеница грамматически уьйр йоцу дешнаш	6
10	Предложенин шакъаьстина меженаш	4
11	Ма-дарра къамел	6
12	1амийнарг карладаккхар	4
13	Талламан болх	6
14	Дозуш долу къамел кхиор	4

9-г1а класс (70 сахьт)

№	Хьеха билгалдинарг	Сахьт
1	8-чу классехь 1амийнарг карладаккхар.	5
2	Чолхечу предложенех юкъара кхетам.	1
3	Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш	3
4	Чолхе-карара предложенеш	24
5	Хуттургаш йоцу предложенеш	6
6	Маттах лаьцна юкъара хаамаш	6
7	1амийнарг карладаккхар	6
8	Талламан болх	5
9	Дозуш долу къамел кхиор	5
10	Тест	3
11	ОГЭ-н кечам бар	6